



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 8 MILYON DOLA NAN PRIM ATRAVÈ FON ETA NEW YORK POU KOMÈSYALIZASYON BIYODEFANS LAN

***Inovasyon ki finanse yo mete Eta New York devan liy dekouvèt ak devlopman maladi kontajye pandan y ap ranfòse Ekosistèm syans lavi Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dezèm faz benefisyè Fon Komèsyalizasyon Biyodefans Eta New York (New York State Biodefense Commercialization Fund) la ki koute 40 milyon dola. Pwogram lan te kreye pou akselere devlopman ak komèsyalizasyon inovasyon nan syans lavi ki abòde menas maladi enfektye grav ki enkli COVID-19 ak varyant li yo, pandan l ap kreye djòb tou epi ankouraje kwasans kontini sektè syans lavi k ap devlope nan New York la. Sou apwobasyon Konsèy Direktè Devlopman Empire State lan, yo pral bay sèt sibvansyon pou yon total angajman sibvansyon 8,899,998 dola.

"Angajman New York pou konbat menas maladi enfektye yo pi fò pase avan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram tankou Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefense lan ak Laboratwa pou Lavni an ke yo te anonse dènyèman pral ankouraje solisyon inovan pou maladi enfektye grav pandan y ap bati ekosistèm syans lavi ki pi solid nan nasyon an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefense lan deja gen yon enpak -- fasilite chemen komèsyalizasyon pou rechèch inovan, ajoute travay ak finansman investisman, epi atire konpayi yo nan eta a. Anplis de sa, konpayi demaraj ke yo te akòde sibvansyon biyodefans nan premye faz aplikasyon an ap montre pwogrè, yo te ranmase yon lòt 5.5 milyon dola epi yo te depoze twa patant nan premye sis mwa prim lan."

Benefisyè yo rekòmande nan dezyèm faz yo enkli:

### **Konpayi demaraj yo (Finansman 6,900,000 dola)**

**AACT Inc. - 1,900,000 dola: (Premkumar Reddy, Ph.D) devlopman inibitè ti molekil kinaz kòm terapi anti-viral:** AACT Inc. konsantre sou devlope nouvo inibitè ti molekil kinaz pou replikasyon viral, patojèn viral, ak modulasyon sistèm iminitè òganis lan. Finansman ki soti nan ESD pral pèmèt yo avanse nan konpoze klinik kont sib kinaz ki te

fòtman enplike nan enfeksyon, sik lavi, ak transmisyon viris enfektye yo, tankou koronavirus ki gen rapò ak sendwòm respiratwa grav tankou SARS-CoV-2.

**CastleVax, Inc. - 4,000,000 dola: (Michael Eagan, Ph.D) *Platfòm vaksen vektoryèl kont viris maladi Newcastle ki ideyalman adapte pou lite kont menas viral***

**yo:** CastleVax, Inc. se yon konpayi ki nan etap klinik k ap devlope vaksen kont viris ki deja egziste ak viris k ap parèt yo, lè l sèvi avèk platfòm vaksen Viris Maladi Newcastle li a. Y ap avanse nan evalyasyon klinik faz 2 nan yon pwochen jenerasyon, vaksen rapèl kont COVID-19 ki bay atravè mikoz ak potansyèl pou bloke pasaj enfeksyon ak transmisyon an.

**TETmedical Inc. -1,000,000 dola: (Roy Cohen, Ph.D. Ko-Envestigatè: David Fischell, Ph.D. ak Alexander Travis, Ph.D.) *Diagnostik molekilè ultra-rapid nan pwen entèvansyon pou idantifye viris ak varyant yo lè yo itilize teknoloji anzim kaptif:*** TETmedical Inc. ap itilize nouvo Teknoloji Anzim Kaptif (Tethered Enzyme Technology, TET) yo pou devlope yon tès pou plizyè eleman pou dyagnostik SARS-CoV-2, grip, RSV ak adenoviris. Nouvo platfòm biyokaptè sa a pwofite efikasite katalitik anzim ki immobilize sou nanopartil yo pou pèmèt dyagnostik pwen entèvansyon ki trè sansib, ultra-rapid (nan mwens pase 5 minit), nan pri ki ba epi trè pòtab.

**Academic Institutions (Finansman 1,999,998 dola)**

**State University of New York Upstate Medical University -500,000 dola: (Adam Waickman, Ph.D) *Antikò monoklonal IgA ki fèt sou mezi pou trete enfeksyon flaviviris:*** Doktè Waickman ak ekip li a ap devlope yon nouvo klas antikò monoklonal pou tretman flaviviris, ki enkli viris deng, viris Zika ak viris Powassan. Gwoup la ap itilize yon nouvo antikò monoklonal pou tretman maladi enfektye sa yo ki demontre kapasite pou netralize viris yo pandan yo p ap gen okenn efè segondè ki amelyore enfeksyon ki souvan ki asosye ak antikò ki baze sou IgG ki vize patojèn sa yo.

**New York University Grossman School of Medicine - 499,998 dola: (Jef Boeke, Ph.D) *Yon platfòm pou nouvo dekouvèt antibyotik:*** Doktè Boeke itilize Levi boulanjri kòm yon chasi pou ekspresyon, optimizasyon ak divèsifikasyon molekil ki pwomèt ak yon konsantrasyon espesifik sou pwodiksyon antibyotik ki baze sou tetrasiklin. Nouvo sistèm laboratwa a pou derivasyon byosentetik ak idantifikasyon molekil ki evade rezistans pral pèmèt devlopman dwòg ke yo ka rapidman mete a lechèl pou pwodiksyon an.

**New York University - 500,000 dola: (Kent Kirshenbaum, Ph.D).** Yon estrateji biyomimetik pou ajan antiviral ki aji dirèk ki anpeche rezistans medikaman: Doktè Kirshenbaum ak ekip li a ap devlope yon gwoup medikaman antiviral ki gen ti molekil premye klas ki gen kapasite pou imite fonksyon sistèm iminitè natirèl imen an pou detwi dirèkteman estrikti viral yo epi fè yo pa enfektye. Laboratwa a ap travay pou eliside mekanis aksyon ak etid ki pèmèt IND.

**Columbia University Irving Medical Center and School of Engineering, 500,000**

**dola: (Jingyue Ju, Ph.D) *Deteksyon elektwonik pa nanopò yon sèl molekil SARS-CoV-2 ak lòt viris ki nan potansyèl pandemi:*** Doktè Ju ak gwoup li a ap devlope yon nouvo metòd dyagnostik ki sèvi ak yon apwòch elektwonik pou yon sèl molekil ki pèmèt deteksyon rapid ak dirèk viris ki mwens abondan nan echantiyon anviwònmanal oswa moun. Inovasyon an pral gen gwo aplikasyon nan tout anviwònman klinik ak swen nan kay la.

Premye benefisyè Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefense yo te [resevwa](#) apeprè 15 milyon dola nan mwa avril 2022. Dezyèm faz benefisyè yo rekòmande yo pote finansman total ki angaje a nan 23,823,684 dola. Nan faz sa a, yo te bay sibvansyon yo bay twa konpayi demaraj ak kat enstitisyon akademik, ki ogmante kantite total moun ki resevwa prim yo a 10 demaraj ak 13 enstitisyon akademik yo.

Sipò finansye se pa sèl mwayen finansman an ap ede akselere efò komèsyalizasyon yo. Yo te rekrute plis pase 40 konseye ki gen ekspètiz pwofon nan antreprenarya ak nan devlopman ak komèsyalizasyon biyofamasetik pou ede benefisyè yo avanse teknoloji yo vè komèsyalizasyon. Oryantasyon pèsonalize sa gen anpil valè pou fasilite yon chemen siksè alafwa pou devlopman inovasyon ak kwasans konpayi an.

Lè yo apwouve, sibvansyon Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefense yo pral ede pote solisyon pou maladi enfektye sou mache a, ki enkli dyagnostik, terapi ak lòt inovasyon ki abòde oswa redui pwopagasyon maladi enfektye grav yo. Yo te resevwa yon total 106 aplikasyon pou sik sa a: 66 soti nan konpayi demaraj yo ak 40 nan enstitisyon akademik yo.

Pwojè yo akòde yo divès an tèm lye jewografik yo epi konsantre ak sipòte plis efò devlopman ekonomik eta a pou pwofite pwogram li yo nan konpayi ak kreyasyon/retansyon travay ak debloke kapital adisyonèl; prim pou konpayi demaraj yo nan faz sa a ap pwofite sibvansyon ki egziste deja ak fon investisman ki totalize 4 milyon dola. Anplis, konpayi ki benefisye de yon sibvansyon Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefans dwe angaje pou rete nan Eta New York epi fè biznis nan fason kontini pou yon minimòm twa zan apre achèyman sibvansyon an.

### **Elijibilite ak Finansman**

Nou envite konpayi Startup k ap devlope dyagnostik ki pwometè, vaksen, terapi ak lòt inovasyon pou anpeche, trete oswa diminye menas maladi enfektye grav yo aplike pou sibvansyon jiska 4 milyon dola. Enstitisyon rechèch akademik New York yo te kapab aplike pou sibvansyon jiska 500,000 dola pou ede akselere swivi pwopriyete entèlektyèl avanse nan syans lavi yo. Klike [isit la](#) pou plis enfòmasyon sou Fon pou Komèsyalizasyon Biyodefans lan.

### **Inisyativ syans lavi 620 milyon dola Eta New York la**

Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki

atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje investisman enpòtan nan sektè piblik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi nan New York.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn byoteknoloji, famasetik, teknoloji byomedikal, teknoloji sistèm lavi yo, epi li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwe majorite efò yo nan diferan faz rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak jou, konpayi nan sektè sa ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, swa atravè nouvo terapi yo oswa deteksyon maladi nan premye faz yo tankou kansè ak maladi newolojik yo. Antrepriz sa yo ap fè pwogrè konsiderab tou nan domèn byoteknoloji agrikòl ak anviwònmanal, ki ap ede kreye yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Lè li ranfòse ankourajman gras a rekonpans, investi nan enstalasyon, epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York pral ogmante yon fason konsiderab pati pa li nan rechèch ak devlopman ke endistri a finanse, soutni komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi entegre nouvel jenerasyon teknoloji avanse yo. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418